Зытепсэльыхь унэтІыныгъэхэм я лъэныкъуэкІэ зыІэрагъэхьа екъуІэныгъэхэм кьыхтеувыІэри, мини-стрым Урысейм и Президент Медведев Дмитрий 2009 гъэм и пэщІэдзэм Іэ зыщІидза «Коррупцэм ебэныным и Іуэхукіэ» Федеральнэ заюным ипкъ иткІэ щІэпхъаджагъэм, Іуэхьэ тын-кьеІыхьэныным ебэнынымкІэ Іэжьыгъэр нэхъри зэщІэгъэуІуэн зэрыхуейр жиІащ.

ЛЫГЪУР Ахьмэд.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэм щыгъуазэ дыдэ.

Я насыпти, зыри зэкІуэдакъым

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэм щыгъуазэ дыдэ зэрищІамкІэ, щэбэт кІуам, щ1ыхьзитху зэрыс «Газель» автомашинэр зезыгъакІуэм, «гъуэгу нэхъыщхьэ» дамыгъэр ЭЧМ ищІри, «Кавказ» федеральнэ гъуэгум теХьащ икІи Аргуан къуажэм дежьэ хьэлъэзешэ «КамАЗ»-м щыжьхьэуащ.

ГЪУЭГУ бэІутІэІур кьыщыхьуа щІыпІэм псом япэу кьащ1ащ (Іэскэн район администрацэм и Іэтащхьэмрэ а куейм щыІэ ОВД-м и лэжьакІуэхэмрэ. Лей зытеухьэзэм зэрахуэзэфІэкІкІэ ядэІэпыкъури, медицинэ Іуэхущ1апІэм ящащ.

КъБР-м и МВД-м и УГИБД-м и унафэщым и къуэдзэ милицэм и полковник Эристаев Абдурахьман зэрыжиІамкІэ, къэхъуар «Газель»-р зезыгъэкІуам и мысакъыныгъэм, опыт зэримыІэм кьишащ. Ильэс 22-рэ зи ныбжь щІалэр рулым зэрыдэтІысхьэрэ илъэс хьууэ аращ. Фэбжь кьэ зыгъуэтари аращ, ауэ докутырхэм кьызэрагъэльытэмкІэ, абы и Іэщ1апІэмкІэ щынагъуэ щыІэкъым.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Кьэнэжар мазитІщ

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі министерствэу КъБР-м щыІэм мы гъэм мэхьыжьхьым щыщІэдзауэ щэкІуэгъуэм и 20-м нэсыху я фІэфІыныгъэкІэ икІи мылъку пэкІуэу щІыхуэхэм Іэщ1эр, абы и Іэмэпсымэхэр ятыным т еуХуа гъэжьыгъэр иригъэкІуэкІ. Хабзэм къемыгъэгъэсу яхъумэ Іэщ1эр, абы иратъхэ щэжэр, кьагъауэ пкъыгъуэжр 2009 гъэм щэкІуэгъуэм и 20 щІондэ екІуэкІыну «Іэщ1» Іуэхуэгъуэм кьрнубыдэу зытыр уголовнэ жэуапым ирашэлІэнукьым.

КъБР-м и МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэм щыгъуазэ дыдэ зэрищІамкІэ, «Іэщ1» Іуэхуэгъуэм зэрыщІидзэрэ фокІадзэм и 25-м ирихьэлІэу Іэщ1эрэ абы и Іэмэпсымэу сом 218160-рэ и уасэ ятаащ.

Ахьмэд КъБР-м и Правительствэм ихьэгъуэ уасэм тету ратыр.

КІэрахъуэмрэ революверымрэ - сом мини 4, автоматым - сом 4800-рэ, пулеметым - 5600-рэ, фочым щІадзэуэ ГП-25, ПП-30 гран

КъуэкIыпIэ Гъунэгъур жыIэкъым

● Гъуэгуанэ тхыгъэхэр


Амман къалэ.

Хьэтх Инал.


Амман дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм.

Иорданым и щыхьэрым и зы уэрам.

Мы сабий дыгъэхэр Абазэхэ яйц.

КъэбЛЭжьыР пшхыжу дунейм утеткIэ, гъащIэри Iэфiкъым, Тхьэм укъыщыхунгъэщIари гъэзэщIа хьурыкIыгъэхэм. А тIэкIым фIэкIа щIэн ямейтэмэ, щIыхур адрей псэущхьэкэм зыкIи къащхьщыкIынгъкъым. Ауэ щыхьукIэ, щIыху псоми кьалэнкIэ, Iэхуукъ, дуней епIтыкIэкIэ, гупсысэкIэ кьытхуэгуэпсэщ, Iэщiагъэ зэмыщхьхэмрэ ахэр кьыIэрыдгъэсэбэпынымкIэ хунтыныгъэхэмрэ дэщIыгъужу кьыдитри, мы щыIхьэгъэ щIакхъуэ Iыхьэ кьыIэризIэжьым и закъуэкъым фIыуэ щIэслъагъур, атIэ махуэ кьэс цIыхухущIэ сызэрыIунгъащIэрщ, Iэхуущ1эм сызэрыхуринджэрщ, гъуэгуанэ сызэрыгришэрщ, си нэгу щIэкIымрэ си гупсысэхэмкIэ сэ схуэдэ нэгъуэщIхэм садэгуэшэну Iэмал кьыIэрызнатырщ.

Лэжьыгъэ Iэхуукъэ сызытехьа апхуэдэ гъуэгуанэщ Иорданием щыпсэу ди лъэпкъгъухэм сахуэзышар. Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ «Налшык» НОТР-мрэ я жэрдэмкIэ гъэмахуэ кIуам дэ дыщыIащ Амманрэ (Иордан) Истамбылрэ (Тыркуе). ДызыкъуэкIухьари а щIыналъэхэр хэщIапIэ зыхуэхьэсыжыкIэ, абыхэм ятеухуа фильм тетхын, тлъэгъуаэхэмрэ ядедгъэкIуэкIа псалъэмакъхэмрэ ди лъахэгъуэм я пащхьэ кьитхьэн щхьэкIэщ.

ЗанщIэу кьыхэзгъэщыну сыхуейщ, дезыгъэжьаэмкIи кьытпежьаэмкIи ящыщ дэIэпыкуэгъу гумызагъэхэр димыIатэмэ, а зекIуэр тыншу, псынщIагъуэу, гуэзгъэгъуэу, дызытекIухьар эздгъэхъуIэнымкIэ пэрыуэгъу димыIэу кьетхьэлIефыну зэрыщымытар. Гъуэгуанэм дытезыгъэжьахэу Хьэфыщ1э Мухьэмэдрэ (Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхьыщхьэщ) Вэрокъуэ Владимиррэ («Налшык» ОРТК-м, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым я унафэщIщ) кьыхалъхьа зекIуэр мылъкукIэ кьадиIыгъащ «Синдикъ» ООО-мрэ «Мустанг» турфирмэмрэ. Дэлэпыкъуэгъушхуэ кьытхуэхъуащ «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и унафэщI, «Пэрыт» хасэм и тхьэмадэ Iутlыж Мэжид. Хуабжьу гугъу зыкъыддрагъэхьащ Истамбылрэ Амманрэ кьыщытIущIахэми. Жэщ-махуэ жаIакъым, дызэрыкIуэ кхъухьлъатэхэр (Налшык - Истамбул, Истамбул - Амман, Амман - Истамбул, Истамбул - Налшык рейсхэр «зэпыдгъэувэу» гъуэгу дытетати) кьыщытIысым щегъэжьауэ дыкIрагъэжьэжыху кьытхуэсакъащ, дыкьхахъумащ, сыт и лъэныкъуэкIи ди зекIуэр щынагъуэнщэу щагъэтащ. Абы кьыхэкIыу фIыщIэ ин яхудощI Иорданием и пащтыхь Абдалла и кьуэш Алийрэ абы и Iуэхущ1эм и унафэщI Хьэтх Иналрэ, Абаззэ Хьусенрэ Марьянэрэ, Щхьэлдыгъу Джихьэд, Блыхьу Ахьмэд, Лыбзу Малик, Шэрджэс Абдурэхьмэн сымэ (Амман), Чурейхэ Алийрэ Ибрэхьимрэ (Истамбул), нэгъуэщIхэми.

Амман

ПЩIэДДжыЖь нэмэым и уахьтыр кьихьауэ азэныр зэпэдджэжу кьалэм щхьэщытт дызэрыс кьыхуэпхьатэр кьэтIысу Амман дыщыдыхьам. Нэхулъэр кьищIа кьудейт, сыхьэти 4-м и ныкъуэт. ХэщIапIэу тхуэхахам драшэлIэну кьыдагъэбыдыIа машинэ псынщIэм дитIысхьэу абы ит магнитофоным «БжьэдыгъуэиспIэмейр» кьиIукIыу щыIэхэс хьи, си гур кьыIэрыгъуэтыжир: «Ди шыгухур, шэн хэмыпIу, адыгэщI» - жысIат, арцIхьэкIэ, жэуапыр адыгэбзэкIэ кьызимыгъжьыфами, сыкъыгурIуатри, мазынэр зезыгъакIуэ щIалэм гуфIэпсыжу: «Yes! Yes!» - инджьыIыбзэбзэкIэ кьыIэжиIэри, джежьащ. Сыт пщIэнт, абы фIэкIа зэжедмыIауэ, щIалэм дызэбгришащ, хьэщIэщыр кIуэнри, бысымым еблэгъэнури щхьэхуэ-щхьэжуэ.

Кьалэ дахэщ Амман, нэр тепщIыпщIэуи хужьщ. Ар кьыщыхьэкIри ухуэнысгъэ щыхьэрым дэтыр мывэ хужьрэ гъуэжь-сырыхуфэкIэ зэращIарщ. Пасэрейхэри иджырей унэкIри дахэу щыIэгъэкIуэ уэрамхэр кьабзэщ, щхьэантIагъэр я машIэми, зыхуей хэгъэзэпауэ зыкъизыхь зейтун жыг цIыкIуэмрэ удз гъэгъа зэмылIэужьыгъуэхэмрэ унэ бжэIупэхэр ягъэщIэращIэ.

Италием и кьалащхьэ Рим хуэдэу, Iуащхьиблым зыщыщыбгъуа Амман, дыгъуасэ кьагъэува хуэдэу кьалэщIэщ, дэнэ щIыпIэкIи ухуэныгъэхэр щекIуэкI зэпытщ. Ауэ щыхьукIи, ар Аммонкlэ зэджэу щыта пасэрей урым кьалэщ. Ди эрэм и пэщIэдзэхэм яуха амфитеатру, тхьэлъэIупIэу, псэупIэу щытауэ зэжэкъуэ жахэрщ лъабжьэ яхуэхъуар 1868 гъэм мы щIыпIэм кьэкIуа ди лъэпкъэгъуэхэм. Урыс-Кавказ зауэм и зэранкIэ адэжь лъахэр зыбгына адыгэхэм ящыщ куэд Трансиорданиекlэ еджэу Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и кIахэм, Щам адэжкIэ, щыIэ щIыпIэхэм Iэпхъуауэ щытащ.

Ялэ дыдэу Аммон щетIысжар шапсыгъэрат, цIыху 700-м нэблагъэ хъууэ урым кьалэ лъэпхъэжам и псы кьыщIэжыпIэхэр яубыдат. Псынэ куэд зэрилэм и закъуэтэкъым адыгэхэр абдеж щIэтIысар, атlэ зыри зэрыщымыпсэур кьаIыпытат, нэгъуэщI цIыхухэм я псэупIэ яубыдыну хуейтэкъымри. Ауэ щIыпIэм нэзгъэну хунэмысауэ абыхэм кьатеуащ бедуинхэр инкIи хьэлэч зэрыгъэхъуу зэззуащ. Адыгэ куэд щыхэкIуэдат абдеж. А зэпэщIэувэныгъэм и ужь илъэси 10 дэкIыжауэ, 1878 гъэм абы нэсащ мухьэжырэм я епIуанэ гупышхуэр. Мис ахэращ пасэрей урым кьалэжьыр щIэрыщIэу зыухуэжар, «къэзыгъэпсэужар».

Трансиорданием Iэпхъуа адыгэхэм псэупIэ яхуэхъуар Амман и закъуэтэкъым, ахэр Уадисир, Нэхьур, Сыуелыхь, Русейфэ, аз-Заркъэ кьуажжэхэм щетIысэхащ. Абы щыгъуэ кьэкIуаxэм я щIэблэхэр иджы щопсэу щыхьэрышхуэу зызыбгъуэ Амман, кьалэ хьурэ жыIэхэм.

1905 гъэм ирихьэлIэу Амман цIыху мини 3 щыпсэурт, унэ 700-м щIигъу щахухат. А лъэхъэнэм кьалэм дэса адыгэхэри мащIэтэкъым - 1500-рэ хъурт. Нэхь ижь дыдэу Иорданием адыгэ гуп зэрыIыгъ щыIэпхъуар 1948 гъэрщ, ауэ ахэр апхуэдэу куэд хъуртэкъым, щхьэусыгъуэу яIари нэгъэщIт.

Мыбдеж кьыхэгъэщыпхъэщ Джэрэш альдж-урым кьалэжьри (пасэрейхэр абы зэрелджэр Герасиет) адыгэхэм кьызэрагъэщIэрэщIэжар. Сыхьэт гъуэгукIэ Амман пэжыжьэ а кьалэр ящыщ зыт Декаполисклэ («Кьалипщ!» - кIэ) еджэу Пасэрей Урымым а щIыпIэм щиухуахэм я конфедерацэм. Иджыри а кьалэм дэтщ амфитеатрыщIэу, ди эрэм и пэкIэ 129 гъэм урым пащтыхь Адриан абы зэрыкIуам и щIыхькIэ яухуауэ щыта аркэ, нэгъуэщI пасэрей ухуэныгъэхэр. А псом кьыхэкIыу Джэрэш зэпымыууэ турист кIуапIэщ.

Нобэрей Амман щыпльагъукIэ, фIэщыхьгъуейщ илъэси 145-рэ и пэкIэ лъахэр зрагъэбгына, хьэзабрэ бэлыхьу щыIэр зи фэ дэкIа адыгэ тIэкIурэ пасэрей кьалэшхуэу щытам щыщу кьэна кхъэкалъэрэ фIэкIа а щIыпIэм зэрыщымыIар, а зэманым кIрнубыдэу апхуэдэ зыужьныныгъэ щIынаIъэм зэригъэтар.

Амман, Джэрэш кьалэжькIэм я мывалъэ хэращ абы Iэпхъуа адыгэхэм унэ-лъапсэ яхуэнымкIэ кьахуэщхьэпар. Абы кьыдэкIуэу кьагъэсэбэпащ ятIагъуэмрэ хьэуазэмрэ кьыхащIыкIа чырбышхэр (хэкум зэрыщащIу щытам хуэдэу). Уеблэмэ Уадисир кьуажэм ящхуэ мэжджыкIым (ар 1911 гъэм зэтралъхьауэ щытащ) храгъэубыдат Джэрэш кьраша пасэрей мывэ пкъоушхуэ тIу. ИкIи кьыхэгъэщыпхъэщ, «Пкъо миным я кьалэкIэ» хьэрыпхэр зэджэ Джэрэш илъэс 2000-м щIигъуауэ зыгъэдахэ пасэрей мывэ пкъокэм зи гуГуу тщIа тIум фIэкIа зэрыхэмыщIар.

Кьэзыхъуреихь дунеймкIэ зэкэщIыкI иIэ зэрыхъурэ, щыпсэуну щыпIэр цIыхум кьыщыхихкIэ псым нэкъ пэгъунэгъу зещI, псэуалъэ ухуэным кьыдэкIуэуи, жылагъуэм я зэкъэдэтхьэлъэIупIэ хагъэунэхукI. Апхуэдэ хабзэр лъэпкъ псомкI ящыщ кьадогъэгурыкIуэ, зэрыт дыным емыIуныгъуэ. Адыгэхэм Амман дащIыхьа ящэ мэжджыкIыр щауэуар шапсыгъ хьэблэращ, абы и ужькIэ 1906 гъэм кьэбэрдей хьэблэмэ щащIащ, ауэ псом нэхъри нэхъ дахэу, адыгэхэм я жэрдэмрэ я мылъкукIэ ящIа ухуэныгъэу я кьалэм дэтыр 1961 гъэм яуха Абу Деруиш мэжджыкIыщIхуэрщ. Кьыхэзгъэщыпхъэщ а мэжджыкIыр Амман дэт ухуэныгъэ нэкъ ин инкIи дахэ дыдэкIэ зэращыщыр, абы ди лъэпкъэгъуэхэр хуабжьу зэрыригъащхуэр.

Уадисир

- ИОРДАНИЕМ щыпсэу адыгэхэм нэIуасэ зауэпщынымэ, Уадисир кьыщыщIэдэ, - жеIэ ди гъуэгуанэм тлъагъуэкIэм ящыщ зы Блыхьу Ахьмэд. - Мыбдеж кьыщыщIэж псым и кьабзагъыр, псыежжыр зыдэт къуэр зэрыщхъуантIэмрэ зэрыщIыIэтыIэмрэ Хэкум ирагъэщхьауэ арагъэнт ящэ кьэкIуа ди адэжьхэр мы щIыпIэм щIэIысар. Уадисир ящыщщ Иорданием нэхъапэу кьыщыщынжуа адыгэ кьуажэхэм. Ауэ иджыпсту ди лъэпкъэгъуэу машIэщ мыбы дэсыжыр, нэхъыбэр, псом хэмыдэу щIалэгъуалэр, Амман Iэпхъуащ. Иджыпсту мыбы щопсэу Хьэжрэт, Щхьэкьат, Хэкужь, Кьуэджас, нэгъуэщI унэщIэрэри зезыхьэхэр. Мес мобдеж псы щхьэл тету щытащ...

Уадисир дэплъэ лъагаIпэм дыкIу Ахьмэд дегъэлъагъу адыгэхэм ящIауэ кьуажэм дэт мэжджыгтищым я щыгухэр, кьыджеIэ сабий еджапIэ тIу зэрапIэр, ди лъэпкъэгъуу а жыгым кьыщыхьуахэм ящыщ куэдым я щIэ Уадисирым и уэрамхэм зэрызэрахьэр.

- Мы мэжджытыр 1911 гъэращ щаухуар, - пещэ адэжкIэ Ахьмэд кьуажэм дыдыхьа нэужь. - Ар зыпат уэрамым зэрехьэ Уадисир кьуажэм кьыдэкIа ящэ адыгэ дохутыр Хьэлащтэ Сэлим и щIэр. Модрей уэрамым фIащащ Адыгэ ФIыщIэ Хасэ мы кьуажэм ящэу щызэхэзыша Хэкужь Мусэ и щIэр. Иджыпсту дызрикIуэр жылагъуэ IэжьыкIуэу щыта Бжьэдыгъу Исуф и щIэр зезыхьэ уэрамырщ. Кьуажэм дэщ нэхъ пасэм ящIауэ щыта адыгэ унэхэр, язынныкъуэхэри бгынэжащ, адыгэ щыпсэухэри яхэтщ, ауэ нэхъыбэр хьэрыпхэм иращжащ.

АдыгэбзэкIэ дызэпсалъэуэ уэрамхэм дрокIуэ, я щIыпIэм дызэрыщымыщыр кьагурыIуаэу, махуэ кьэс зэамых бзэкIэ дызэрыпсалъэри зэхащIыкIыуэ гъуэгурыкIуэжэр кьызэтеувыIэурэ дэ кьыдопIь.

- Умыгъавэ, ящIэ дызэрыадыгэр, - жеIэ Ахьмэд. - Кьаплъэт, мис мыр Абыдэжэ я зэхуэсыпIэ унэщ. Зыгъэпсэхугъуэ зэманыр кьагъэсэбэпауэ иджыпсту тIэкIу зэрахьэ, бжьыхьэ дызыхуэкIуэм лъэпкъ зэхуэсэ ящIыну я мурадщи, - дыщегъэгъуазэ ди гъуэгурыгъэпагъуэм Абыдэжэ я Iуэхуэм. - Пlъагъурэ, я лъэпкъ дамыгъэри куэбжэм тедзащ. Мы зэIущIапIэр 1998 гъэм Абыдэ Назми и хьэрычэткIэ кьызэIуахат. Нысашэ, тхьэлъэIу, ЮгъуэщI гуфIэгъуэ Iуэ ху кьыщыхьукIэ мыбы щызэхуос, щIалэгъуалэ зэжьыхьэхэр щащI, лIэныгъэ кьэхъуми, дауэдапщэр лъэпкъым я зэхуэдэщи, абы пыщIа Iуэхуэхэри мы пщIантIэм щызэфIах.

Абыдэхэ ятIонэжьыгъэхэкъым Хэкужь лъэпкъым я зэIущIапIэ унэри. Абы дезыгъэблэгъари, и лъэпкъэгъуэхэм ятеухуа гъэщIэгъуэн куэдым дыщызыгъэгъуэзари Хэкужь Iюайщ. Иригушхуэу щIалэм кьыджиIащ Хэкужьхэ ящыщ куэд Иорданием и къэрал кьулыкъум зэрыхэтар, генерал зыбжанэ зэраIэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, дзэм кьыхэкIыжа генералхэу Хэкужь Мансурэр Хэкужь Хьердинрэ, кхъуэхъуатэзехуэ Хэкужь Мухьэмэд-Сэхьид, къэрал шынагъуэншагъэр хьуэныкIэ кьулыкъу езыхэкIа Хэкужь Мухьэмэд-Исхьэкъ, докутыр Iэнатlэм и полковник хьуа бзыльхугъэ Хэкужь Басмэ, нэгъуэщIхэри.

- Хэкужьхэ я зэIущIапIэм ныбжьыщIэхэм папщIэ еджапIэ-гъэсапIэ мыин хэтщ, балигъхэр Iэщiагъэ цIыкIуфэкIуэхэм, унагъуэкIэ къахуэсэбэпынухэм щыхуагъаеэу гупжьейхэри яIэщ. ЖыпIэнракъэ, ту зыльыгъапхъэ къамыгъанэу я нэIэ щIагъэтщ, я лъэпкъыщIэм и щIыхь зыIэ тын цIыху, я нэхъыжьхэм яхуэфащэ щIэблэ кьаэзрыщIэтэджкъым хуосакъ.

Абыдэхэрэ Хэкужьхэрэ я лъэпкъ зэIущIапIэхэм я кьыызгъэпэщыкIэмрэ я лэжькIэмрэ щыхьэт тохъуэ адрейхэми апхуэдэ лъэпкъ Iуэху зехьэкIэ хабзэ зэраIэм. Си гугъэмкIэ, а щапхъэр хэкурысхэмкIи щхьэпэгъэт иджырей щIэблэр ягъэсэныжкIэ, зэлъэпкъэгъуэхэр зэрыIыгъыу, зэрыльытэу кьызэдэгъэуэгурыкIуэнымкIэ.

Апхуэдэ зэхуэсыпIэхэм уней Iуэ хуэхэр щызэрахуэмэ, зэлъэпкъэгъуэхэм я жылагъуэ-политикэ Iуэ хуэхэр, бзэмрэ щIихабзэмрэ хъуэным пыщIа лэжьыгъэхэр зэфIэзыгъэкIыр Адыгэ ФIыщIэ Хасэрщ.

Уадисир дэтыр ящыщ щыш Амман щыIэ Хасащхьэм и къудамиблым. Ар 1961 гъэм кьызэIуахащ. Хэкужь Мусэ я пашэу щыIэу зыбгъупщIым кьыызэрагъэпэщауэ щыта зэхьихьэм ятэ лъэхъэнэхэм хэщIапIэу иIар пэшитI фIэкIа мыхьуу бзджэнду кьащта унэ щIыкIыт. ИтIанэ хагъахьуэм заужьурэ, 1973 гъэм Хасэм езым и унэ кьийщхуащ. А хэщIапIэрат пщыхьэщхьэхуэкIуэу журналистхэр дызрагъэблэгъар. Дэ къытIущIащ Хасэм и тхьэмадэ Лыбзу ХьинсэI. Сэ ар занщIэу кьэсцIыхужащ - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ хэхъэ адыгэхэм я быныкъэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм илъэс зыбжанэ хъуауэ Хэкум кьашэ, апхуэдэ зекIуэхэм ящыщ зыуэ Иорданием щыщ ныбжьыщIэхэр Хьисэ я пашэу Налшык кьэкIуауэ сыхуэзэри, сепсэльат. Езыми сыкьицIыхужауэ, дызэрыкIуар зэрипгапэр кьыджиIэурэ дригъэблэгъащ.

- Адыгэ ФIыщIэ Хасэм сытхэр и IуэхущIафэ жыпIэмэ, псом япэрауэ, мыбы щыпсэу зэлъэпкъэгъуэхэр зэкъуегъэувэ, щIэблэр гъэсэным, абы я къэкIуэнур зыхуэдэнум ирегъэгупсыс инкIи зэфIэхьапхъэхэр щабзыхьу, - жеIэ Лыбзу Хьинсэ. - А унэтIныгъэ нэхъыщхьэм ипкъ иткIэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр Хасэм кьыщызэдогъэпэщ. Гулыитэ нэхьыбэ зыхуэтщIхэм щыщщ хуэмыщIауэ псэу ди лъэпкъэгъуэм защIэдгъэкъуэныр, псапащIэ Iуэхуэхэр нэхъыбэрэ кьызэдгъэпэщыныр. Апхуэдэу дэ ди1эщ адыгэ кьафэм, лъэпкъ Iэщiагъэхэм щыхуагъаэ гупжьейхэр, сабийхэми балигъхэми КъурIэн еджэкIэ щызэрагъащIэ. Ди деж зыщызыгъасэ спорт смен ныбжьыщIэхэм къэрал кIуэцI зэхьэзэхуэхэми дунейпсо утыкухэми увыпIэ пэрытхэр кьыщахь...

- Адыгэбзэ евгъэджыну фыхуиткъэ? Абы и Iуэхур дауэ зэрыщытыр? - соупщI Хьисэ, абы теухуауэ зы псалъэ кьызэрыхимыгъахуэр згъэщIагъуэу, -

- ПлъагъуркIэ, абыкIэ пэрыуэгъу диIэу аракъым, - жеIэ тхьэмадэм, - Ауэ егъэджакIуэ тэрэз дымыгъуэтурэ, анэдэлъхубзэр егъэджыныр иджыри къэс тхуэгъэпсатэкъыми, мы гъэм щыщIэдзауэ а Iуэ хур нэхъ зэтеублауэ щытынущ, абыкIэ езыгъэджэн цIыху къэдгъуэтащ.

- Мы пщIантIэшхуэу плъагъум миным нэхърэ мынэхъ машIэ цIыху кьыщызэхуэсу илъэсым зэ, бадзэуэгъуэ маазэм и кIэух тхьэмахуэм, бзэзрышхуэ дощI, - кьыпещэ и псалъэм Хьисэ. - ПщIыхьэщхьэ кьэс жэщыр зэкIуэтжу цIыхухэр дахэу зэхэсщI, я нэгу зрагъэужь, кьафэмрэ спорт джэгукIэхэмкIэ зжьэзэхуэу а тхьэмахуэр ирах. ПщIантIэм тыкуэн щыIэ зэхуэсыпIэхэр щащэ «уней- пщыIэ цIыкIуэр уасэ тIэкIу гуэр техуэу кьращIэкIри, хьэпшып цIыкIуфэкIуэмкIэ, Iэпщ1эльапщIэхэм я Iэдакъэщ1экIхэмкIэ сату ящI. Сабий нэхъ цIыкIу дыдэкэм щхьэкIи джэгуп1эхэр иIэщ. Зэрыгурыуэгъэущи, абы кьрихьэлIэр адыгэхэм я закъуэкъым, атlэ дызыхэс лъэпкъхэри куэду кьоокIуэ. Апхуэдэ зэхьихьэщхуэм кьыхэкI мылъкураш Хасэм и псапащIэ Iуэхуэхэр зэрызэфIигъэкIыр, абы кьищынэмыщIауэ, нэгъуэщI пщэрылъхэри зэригъэзащIэр.

НЫБЭЖЬ Тансэ.

Налшык - Истамбул - Амман.

(КъыкIэтхьыкIуэнуш).

Ныбэжь Тансэрэ Лыбзу Хьинсэрэ.


Уадисир къалэм и зы уэрам.

Уадисир щыIажьэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и бжэIупэм деж.


Адыгэ гвардием хэтхэм щыщ гуп, пащтыхь Хъусейн бен Тlэлал я гъусэу.
Сурэтыр 1991 гъэм трахащ.

Ди газетым зэрытетащ, иджыблагъэ Налшык щекIуэкIащ «Иджырей медицинэм щIэуэ къыхьыжьхэр» етIуанэ дунейпсо медицинэ конференцыр.

КЪЭРАЛ зэмылIэужьыгъуэ куэдым кьиКIа щIэныгъэлIэр зыхэт конференцыр иджы етIуанэу Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым щеКIуэкI. Зэ хэсым и япэ махуэм до хутыр цIэрыIуэр, медицинэ щIэныгъэхэм я докторэр, профессорхэр кэтхэ-лъагъ, иужьыIэ кардиологие, хирургие, терапие, педиатрие унэтIыныгъэхэмкIэ гуп-гупурэ гуэшауэ лэжьащ.

ЗэIущIэм кьрихьэлIэхэм утыку кьрахьащ езы Iэщlагъэлlхэм я къэхутэныгъэщIэхэр, медицинэм и IэмалI зэхуэмыдзу ягъэунэ хуахэр, апхуэдэуи гъэкIыгъэм и пIалъэкIэ зэхъуэжащ. Хамэ къэрал кьиКIа щIэныгъэлIхэм я гъусэу дунейпсо конференцым хэтащ ЖЬКЪУ-м медицинэмкIэ и факультетым и профессорхэр, КЬБР-м и дохутыр Iэзэхэр.

Зэхуэсым и етIуанэ махуэм университетым и хущIэкIэр ирагъэблэгъащ Декоративно-прикладной гъуэзджэмкIэ факультетым кьиIэзригъэIэщ гъэлъэгъуэныгъэм. А факультетым и тхьэмадэ Мэлбахъуэ Борис кьиIэзхуэсахэм я пащхьэ кьриIулъащ дыжьынымэ, гъэпIлъэм, пхъэм кьыхэщIыкIа, цы IуданэкIэ зэIуца хьэпшып гъуэзэджэхэр. Адыгэ лъэпкъым ижьижьыж лъандэрэ къыдеКIуэкI хьэпшып цыкIуфэкIуэр хуабжьу ягу ирихьащ хьэщIэхэм икIи ахэр зэращIым, кьиIэзрагъэсэбэп щIы кIэхэм ящIэтельдыджэу щIэуп щIащ. Апхуэдэ Iэпщlэльапщlагъэм хуагъэса студентхэм щIэныгъэ нэхъыщIхьэм щыхьэт техIуэ диплом зэрыратыр, абыхэм ящыщ иджыпсту Канадэм, Америкэм зэрыщIлажьэр кьыхитхъэбелджьлыкIащ Мэлбахъуэ Борис.

АдэкIэ КЪБКЪУ-м и тхыдэм, иджыпсту и зэхэтыкIэм теухуа тхьэгъэтхэныгъэм конференцым хэтхэм кьыщащIащ бысым инженерическэ зыщIыхурагъаджэ Iэщlагъэхэр, ирагъэкIуэкI егъэджэныгъэ-лэжьыгъэм и IъабжькIэ зихуэдэр.

Хамэ къэрал кьиКIа медицинэ Iэщlагъэлlхэм яхэтщ ильэси 150-рэ и пэкIэ адэжь хэкур зрагъэбгьнауэ щыта ди адэжьхэм я щIэблэр. Къэбэрдыгъэгъуэмэ, Тырыкум Iуэхум адыгэ псом ди дежькIи мыхьэнэшхуэ иIэу кьыдоупытэ. Хамэ къэрал щыпсэухэри адэжь щIыналъэм ихуэдиз дызэро-гъагъу, медицинэ Iэщlагъэм пэрыт адыгэ псори дызэрощIэ. КьищынэмыщIауэ, хуабжьу щIхьэнтIэщ медицинэм щIэуэ кьыхьыхьэхэмкIэ дызэрызэхъуажэр: къэрал зэкъуэмыдэхэм кьыщахутахэр утыку кьрахьэ, медицинэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм щекIуэжкI щIэныгъэ лэжьыгъэм зыщыдогъэгъуэзэ.

Сэ гуращ сызэIэзэри, абы ехьэлIауэ сыкъэпсэльащ, Iу уз зиIэхэр операцэ ямыщIу зрагъэхьыжьащ Iэмалхэр зыщIэ гупсысыным ильэс куэд щIауэ нужь ситщ. АбыхэмкIэ нэгъэущI къэрал щыщхэм садогуащэ икIи я гъэжьыгъэм кьыщагъэсэбэп. Ильэс 25-рэ хьущIауэ сызэIужь я Iуэхум щыпсэуэ Германием щопсэу. Езым и Iуэхущ1апIэ кьызэIуихри, до хутыру лэжьащ, медицинэм хэпъхьэныгъэшхуэхэр хуищIащ. Иджы зыгъэпсэхугъуэ ныбжьым нэсащи, игури и псэри етауэ адыгэ Iуэхум хуолажьэ. Барэсбий Мыхьмуди медицинэ щIэныгъэхэм я докторщ, кардиохирургиемкIэ Iэщlагъэлl гъэзджэщ, и Iэдакъэ кьыщIэкIа щIэныгъэ гъэжьыгъэ 80-м щIигъу хамэ къэрал кьыдэкIыгъуэхэм кьыгтрадзащ, Европэм щыIэ Хьэрыт дохутыр зигугъэныгъэм, Гу-псантхуэ хирургиемкIэ Сирие, Нэмыцэ зэгугъэныгъэхэм, Бавариеи, Германие къэралхэм щыIэ Медицинэ ассоциацэхэм хэтщ.

- Мыпхуэдэ конференцегъэкIуэкIын хуейуэ сигу кьыщIэкIам япэу сиIа гупсысэр ди пэмиен адыгэу тетыр зэпкъынырщ, я IэщlагъэхэмкIэ зэпыщIэнырщ, - жиIащ **Удыхьуэ Ихьсан.** - Тырким, Иорданием, Сирием, Германием, Урысеим щылажьэ, адыгэ лъэпкым кьыщIэ дохутыр щIэрыпсэхэр, еджагъэшхуэхэр зэрыщIыхьэрэр, ау хуабжьу гуныкъуэгъуэшхуэщ. МедицинэмкIэ конференцыр щапхъэ яхуэхъуу экономикэ, хуэныгъэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыпэрыт адыгэхэр зэбгащIэ, ст гуапэ хъунут.

Етlуанэрауэ, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм къэду яхэтщ хэкум зэи щымыIаларэ. Сэ сызэреплъымкIэ, адэжь хэкум хуаIэ лъагъуныгъэр мы конференцым кьиIэуэшнущ.

Ди лъэпкъэгъуэхэри нэгъэущI лъэпкъ кьыхэкIаХэри зыхэта медицинэ зэхуэсыщхуэр махуитIкIэ екIуэкIащ. ЗэIущIаХэм я лэжьыгъэр яуха нэужь, КЪБР-м и хьэщIэхэр Iуащlхьэмахуэ лъапэ ящащ жыкI кьабзэкIэ ягъэбгъэкIауэ. И лэжьыгъэ щхьэпэм кьынпщэри, Пщыхьэщ1эм иджыбгъащ1ахьэхуэу кьыдигъэкIащ етхуанэ, еханэ жьэхэр щыIэхуэхьэса лэжьыгъэщIэ.

Абы и пэублэ псалъэм къызэрыхэзыщымкIэ, КЪБР-м и муслымэхэм я Iуэхущ1апIэм и эрэдэмкIэ, Тхьэм жиIэмэ, дяпэным, цIыхубэр зэкъуэту зэдэпсэуным я лэжьыгъэр хуэунэтIауэ щытыныр.

ЦIыхухэм я псэукIэм, республикэм и экономикэм иужьрей зэманым зиужьурэ иофIакIуэ. Зэпэщ1эувэныгъэ къэзыгъэхьуну уэгIэкъу дэтхэнэри а Iуэхум зэран хуэхъуу аращ. Апхуэдэ цIыхур иолъэпащэу ди япэ итщ ди нэхъыжьфIэм кьыщIэтхуэзащэу псоми ди щапхъэ хабзэ екIуэкI. Абы, кьимыдэкIэ, унагъуэ исхэм, зэгъунэгъэхэм, пэлъпкъэм, нэхъыжьхэм, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ, цIыхухъмрэ цIыхубзымрэ я зэхуэщытыкIэм, я зэхуаку дыдэпхъэ нэмыс дахэкэри цIыхум Iэщlыб езыгъэщI Iуэхугъуэщ ар.

Зэманыжь блэкIахэм я лъэужьу я нэгу щIэкIар быдзу зыхъумэ ди къыр «жьакIащхэм» я щхэур щхьэж и ежьыкIэ зэрыхуигъэфащэкIэ тхьылъымпIэм къыщыбгъэнатIуэ е, компьютерым и Iэмалхэр къэбгъэсэбэнуэ, цIыхухэр щхьэ бгъэхутыкъуэн хуей? Абы фIым дыхуишэнхъым. Ари гъащIэ щытыкIэр зэщIэзыгъэстI Iуэхугъуэхэм ящыщащ.

Мы тхыгъэ кIэщIым цIыхубэр зыщымыгъуазэ сэ къыщысIуэтэну яужь сихьакъым, атIэ политикми хэращ Iуэхущ1апIэхэм пэрытхэми, кьызызэкIа лъэпкъ емыльытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм и пащдейр, и къэкIуэну махуэр зэгъэзэпащ хуэныкIэ гудзакъэ зиIэ дэтхэнэ зы цIыху кьыззэрыгуэкIми идкьыри зэ захуэзгъэзэмэ, си гуапэу аращ: «Мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр, зэкIэхуэтыныгъэр Урысеймэ, Кавказмэ, ди лъахэ цIыкIуми щыгъэбдэзыным дыхущIэвгъэкъуэ».

Ипэкlэ дывгъаплъэ – щIэблэ къэкIуэнухэм дакъыгурыIуэнкъым армырамэ.

ХЬЭЩЭ МуIэед,
егъэджакIуэ. Зеикъуэ къуажэ.

Дуней псом щыцIэрыIуэ дохутырхэм я зэхуэс

●Щ1эныгъэ конференц

Шурдым Гюнсель

Уджыхьу Ихьсан

Къумыкъу Уэхьби
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Шурдым Гюнсель. Iонсель 1970 гъэм Стамбул дэт университетым медицинэмкIэ и факультетыр кьиухащ, кIуэцIым, гум епха уэхэмкIэ Iэщlагъэлlщ.

- Сэ тIуащIэу гуапэ сщохъу мыхьэнэшхуэ зиIэ мыпхуэдэ конференцыр си адэжь къэхэм зэрыщIекIуэкIыр, - кьыдогуашэ ди лъэпкъэгъуэ бзыльхъугъэр. - Тырким щIыхь 14 дыкьикIащ. Сэр нэмыщI идджыри зы адыгэ щIалэ ди гъусэщ, ар Къэрабэхэ яйщ, и цIэр Саджытщ, Тырким щыцIэрыIуэ хирургщ. Иджы етIуанэу Налшык щекIуэкI мы мыхьэнэшхуэ иIэу кьызоупытэ. Хамэ къэрал щыпсэуэ адыгэ псом ди дежькIи мыхьэнэшхуэ иIэу кьызоупытэ. Хамэ къэрал щыпсэухэри адэжь щIыналъэм и зы кьудамэм и унафэщI, дохутыр-кардиолог, медицинэ щIэныгъэхэм я профессор **Шурдым Гюнсель.** Iонсель 1970 гъэм Стамбул дэт университетым медицинэмкIэ и факультетыр кьиухащ, кIуэцIым, гум епха уэхэмкIэ Iэщlагъэлlщ.

- Сэ тIуащIэу гуапэ сщохъу мыхьэнэшхуэ зиIэ мыпхуэдэ конференцыр си адэжь къэхэм зэрыщIекIуэкIыр, - кьыдогуашэ ди лъэпкъэгъуэ бзыльхъугъэр. - Тырким щIыхь 14 дыкьикIащ. Сэр нэмыщI идджыри зы адыгэ щIалэ ди гъусэщ, ар Къэрабэхэ яйщ, и цIэр Саджытщ, Тырким щыцIэрыIуэ хирургщ. Иджы етIуанэу Налшык щекIуэкI мы мыхьэнэшхуэ иIэу кьызоупытэ. Хамэ къэрал щыпсэухэри адэжь щIыналъэм и зы кьудамэм и унафэщI, дохутыр-кардиолог, медицинэ щIэныгъэхэм я профессор **Шурдым Гюнсель.** Iонсель 1970 гъэм Стамбул дэт университетым медицинэмкIэ и факультетыр кьиухащ, кIуэцIым, гум епха уэхэмкIэ Iэщlагъэлlщ.

Сэ гуращ сызэIэзэри, абы ехьэлIауэ сыкъэпсэльащ. Iу уз зиIэхэр операцэ ямыщIу зрагъэхьыжьащ Iэмалхэр зыщIэ гупсысыным ильэс куэд щIауэ нужь ситщ. АбыхэмкIэ нэгъэущI къэрал щыщхэм садогуащэ икIи я гъэжьыгъэм кьыщагъэсэбэп. Ильэс 25-рэ хьущIауэ сызэIужь я Iуэхум щыпсэуэ Германием щопсэу. Езым и Iуэхущ1апIэ кьызэIуихри, до хутыру лэжьащ, медицинэм хэпъхьэныгъэшхуэхэр хуищIащ. Иджы зыгъэпсэхугъуэ ныбжьым нэсащи, игури и псэри етауэ адыгэ Iуэхум хуолажьэ. Барэсбий Мыхьмуди медицинэ щIэныгъэхэм я докторщ, кардиохирургиемкIэ Iэщlагъэлl гъэзджэщ, и Iэдакъэ кьыщIэкIа щIэныгъэ гъэжьыгъэ 80-м щIигъу хамэ къэрал кьыдэкIыгъуэхэм кьыгтрадзащ, Европэм щыIэ Хьэрыт дохутыр зигугъэныгъэм, Гу-псантхуэ хирургиемкIэ Сирие, Нэмыцэ зэгугъэныгъэхэм, Бавариеи, Германие къэралхэм щыIэ Медицинэ ассоциацэхэм хэтщ.

- Мыпхуэдэ конференцегъэкIуэкIын хуейуэ сигу кьыщIэкIам япэу сиIа гупсысэр ди пэмиен адыгэу тетыр зэпкъынырщ, я IэщlагъэхэмкIэ зэпыщIэнырщ, - жиIащ **Удыхьуэ Ихьсан.** - Тырким, Иорданием, Сирием, Германием, Урысеим щылажьэ, адыгэ лъэпкым кьыщIэ дохутыр щIэрыпсэхэр, еджагъэшхуэхэр зэрыщIыхьэрэр, ау хуабжьу гуныкъуэгъуэшхуэщ. МедицинэмкIэ конференцыр щапхъэ яхуэхъуу экономикэ, хуэныгъэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыпэрыт адыгэхэр зэбгащIэ, ст гуапэ хъунут.

Етlуанэрауэ, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм къэду яхэтщ хэкум зэи щымыIаларэ. Сэ сызэреплъымкIэ, адэжь хэкум хуаIэ лъагъуныгъэр мы конференцым кьиIэуэшнущ.

Ди лъэпкъэгъуэхэри нэгъэущI лъэпкъ кьыхэкIаХэри зыхэта медицинэ зэхуэсыщхуэр махуитIкIэ екIуэкIащ. ЗэIущIаХэм я лэжьыгъэр яуха нэужь, КЪБР-м и хьэщIэхэр Iуащlхьэмахуэ лъапэ ящащ жыкI кьабзэкIэ ягъэбгъэкIауэ. И лэжьыгъэ щхьэпэм кьынпщэри, Пщыхьэщ1эм иджыбгъащ1ахьэхуэу кьыдигъэкIащ етхуанэ, еханэ жьэхэр щыIэхуэхьэса лэжьыгъэщIэ.

Абы и пэублэ псалъэм къызэрыхэзыщымкIэ, КЪБР-м и муслымэхэм я Iуэхущ1апIэм и эрэдэмкIэ, Тхьэм жиIэмэ, дяпэным, цIыхубэр зэкъуэту зэдэпсэуным я лэжьыгъэр хуэунэтIауэ щытыныр.

ЦIыхухэм я псэукIэм, республикэм и экономикэм иужьрей зэманым зиужьурэ иофIакIуэ. Зэпэщ1эувэныгъэ къэзыгъэхьуну уэгIэкъу дэтхэнэри а Iуэхум зэран хуэхъуу аращ. Апхуэдэ цIыхур иолъэпащэу ди япэ итщ ди нэхъыжьфIэм кьыщIэтхуэзащэу псоми ди щапхъэ хабзэ екIуэкI. Абы, кьимыдэкIэ, унагъуэ исхэм, зэгъунэгъэхэм, пэлъпкъэм, нэхъыжьхэм, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ, цIыхухъмрэ цIыхубзымрэ я зэхуэщытыкIэм, я зэхуаку дыдэпхъэ нэмыс дахэкэри цIыхум Iэщlыб езыгъэщI Iуэхугъуэщ ар.

Зэманыжь блэкIахэм я лъэужьу я нэгу щIэкIар быдзу зыхъумэ ди къыр «жьакIащхэм» я щхэур щхьэж и ежьыкIэ зэрыхуигъэфащэкIэ тхьылъымпIэм къыщыбгъэнатIуэ е, компьютерым и Iэмалхэр къэбгъэсэбэнуэ, цIыхухэр щхьэ бгъэхутыкъуэн хуей? Абы фIым дыхуишэнхъым. Ари гъащIэ щытыкIэр зэщIэзыгъэстI Iуэхугъуэхэм ящыщащ.

Мы тхыгъэ кIэщIым цIыхубэр зыщымыгъуазэ сэ къыщысIуэтэну яужь сихьакъым, атIэ политикми хэращ Iуэхущ1апIэхэм пэрытхэми, кьызызэкIа лъэпкъ емыльытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм и пащдейр, и къэкIуэну махуэр зэгъэзэпащ хуэныкIэ гудзакъэ зиIэ дэтхэнэ зы цIыху кьыззэрыгуэкIми идкьыри зэ захуэзгъэзэмэ, си гуапэу аращ: «Мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр, зэкIэхуэтыныгъэр Урысеймэ, Кавказмэ, ди лъахэ цIыкIуми щыгъэбдэзыным дыхущIэвгъэкъуэ».

Ипэкlэ дывгъаплъэ – щIэблэ къэкIуэнухэм дакъыгурыIуэнкъым армырамэ.

ХЬЭЩЭ МуIэед,
егъэджакIуэ. Зеикъуэ къуажэ.

Зэгурыlуэр мэунэ

●Дэ къытхуатх

Ильэсищэ бжыгъэ хъуауэ зэшым хуэдэу къызэдгъэзугурыкIуэ, зэIыхьлы, зэблагъэ хуэ, зы унагъуэу зэдэпсэурэ зи Iуэхуэр дахэу, екIуу зезыгъэжIуэну яужь ит лъэпкъхэм, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ, хьэлэбэлыкъ кьыззэрыкIын хьэргъэшыргъэ Iуэху яку дзэыльхъэну хущIэкъуэгъэ зэрыщыIэр ди жагъуэ мыхьуу къанэрыкъым. ЦIыху щхьэхуэхэм я гупсысэр ди щыналъэм зэрыхьэрий къыщыгъэхъуным теухуами, лъэпкъыбзу зэхэт ди республикэ жыла-гъуэр зыщIэхъуэпсыр мамырыгъэщ, зэгурыIуэщ, зэдзIуэжщ. Апхуэдэщ адыгэхэри, балъкъэрхэри, нэгъуэщI лъэпкъхэри.

СЫЗЫЩЫПСЭУ Зеикъуэ адыгэ къуажэр къащIэтащ, балъкъэр благъэ-Iыхьлы яIэу е я щхьэгъэсэр балъкъэру унагъуэ зыбжанэ дэсщ. Апхуэдэу адыгэ унагъуэхэр яхэсщ балъкъэр къуажэхэмэ. ГъащIэщIэм хуэгъэпса щIэблэ уэнтIущ къащIохьуэ абыхэм. Ахэр хуейуэ пIэрэ пъэпкъитIым я зэхуаку псалъэмакъ кьыдэхъуэну? Iуэхур куу хьумэ, зи адэ-анэр лъэпкъ зырызым щыщ щIэблэр сыт хуэдэ Iэнатlэ зыIуувэнур? Зэщхьэгъусэтым дэтхэнэ лъэныкъуэ кьыхахьунур?

Дэтхэнэ псалъэмакъри удынрэ лъыгъажькIэ щызэкъагъэкIыу щыта зэманыр кьызэдгъэнэкIащ. Нобэ, XXI лIэщIыгъуэм, акъылрэ губзыгъагъэмрэ я лъабжьэу ублыхупхъащ сыт хуэдэ Iуэхугъуэри. Я гъэжьыгъуэ нобэрей гъащIэ щытыкIэр кьызэщIэзыгъаплъэхэри зэ егупсысжьыпхъащ мыбы кърикIынкIэ хъуну лъэужьым. Iуэхур къэзыгъэублэцхэм балигъэIупIэм имытрэ зэхэщIыкI лъагэ иIэу зыхьмыпIащэрэ, дауи, яхэткъым. Сэ кьызэрызгурыIуэмкIэ, апхуэдэ Iэнатlэ пэрыт дэтхэнэ зы и кьалэнщ къэралым, щыпсэу лъахэм мамырыгъэ, зэгурыIуэныгъэ иIыныным, цIыхубэр зэкъуэту зэдэпсэуным я лэжьыгъэр хуэунэтIауэ щытыныр.

ЦIыхухэм я псэукIэм, республикэм и экономикэм иужьрей зэманым зиужьурэ иофIакIуэ. Зэпэщ1эувэныгъэ къэзыгъэхьуну уэгIэкъу дэтхэнэри а Iуэхум зэран хуэхъуу аращ. Апхуэдэ цIыхур иолъэпащэу ди япэ итщ ди нэхъыжьфIэм кьыщIэтхуэзащэу псоми ди щапхъэ хабзэ екIуэкI. Абы, кьимыдэкIэ, унагъуэ исхэм, зэгъунэгъэхэм, пэлъпкъэм, нэхъыжьхэм, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ, цIыхухъмрэ цIыхубзымрэ я зэхуэщытыкIэм, я зэхуаку дыдэпхъэ нэмыс дахэкэри цIыхум Iэщlыб езыгъэщI Iуэхугъуэщ ар.

Зэманыжь блэкIахэм я лъэужьу я нэгу щIэкIар быдзу зыхъумэ ди къыр «жьакIащхэм» я щхэур щхьэж и ежьыкIэ зэрыхуигъэфащэкIэ тхьылъымпIэм къыщыбгъэнатIуэ е, компьютерым и Iэмалхэр къэбгъэсэбэнуэ, цIыхухэр щхьэ бгъэхутыкъуэн хуей? Абы фIым дыхуишэнхъым. Ари гъащIэ щытыкIэр зэщIэзыгъэстI Iуэхугъуэхэм ящыщащ.

Мы тхыгъэ кIэщIым цIыхубэр зыщымыгъуазэ сэ къыщысIуэтэну яужь сихьакъым, атIэ политикми хэращ Iуэхущ1апIэхэм пэрытхэми, кьызызэкIа лъэпкъ емыльытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэм и пащдейр, и къэкIуэну махуэр зэгъэзэпащ хуэныкIэ гудзакъэ зиIэ дэтхэнэ зы цIыху кьыззэрыгуэкIми идкьыри зэ захуэзгъэзэмэ, си гуапэу аращ: «Мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр, зэкIэхуэтыныгъэр Урысеймэ, Кавказмэ, ди лъахэ цIыкIуми щыгъэбдэзыным дыхущIэвгъэкъуэ».

Ипэкlэ дывгъаплъэ – щIэблэ къэкIуэнухэм дакъыгурыIуэнкъым армырамэ.

ХЬЭЩЭ МуIэед,
егъэджакIуэ. Зеикъуэ къуажэ.

●Тхылъыщ1э

Фыщ1агъэ лъапIэм теухуауэ

2007, 2008 гъэхэм дунейм кьыхетхат «Хьазин» (КъурIэным и тафсир) тхылъым и япэрей жуэпIлыр, адыгэбзэкIэ Пщыхьэщ1э Iатlиф зэриздэкIауэ. И лэжьыгъэ щхьэпэм кьынпщэри, Пщыхьэщ1эм иджыбгъащ1ахьэхуэу кьыдигъэкIащ етхуанэ, еханэ жьэхэр щыIэхуэхьэса лэжьыгъэщIэ.

Тхылъыщ1эм ущыщIэупщIэ хъунущ муслымэнхэм я Iуэхущ1апIэм.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

кIи екIуэкIынущ тафсирэр адыгэбзэкIэ гъэхъэзырынщ.

Зэныбжьэгъуэр ягъэбыдэ

●Щ1энхабзэ

Адыгэ Республикэм и Президент Тхьэкlуащынэ Аслъэнджерий хъэзырщ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэмрэ хэкуэкым исхэмрэ яку дзэпкъэш зэныщIэныгъэхэр игъэбыдэну. Апхуэдэ псалъэмакъ щекIуэкIащ республикэм и унафэщIыр «Нэхъ» щыгъэрагъэпэща ныбжьыщIэ ансамблым хэтхэм иджыблагъэ щащIым.

АНСАМБЛЫМ хэтхэр щIэныгъэлIхэр, макъзамэтхэр, журналистхэр я гъусэу мы махуэхэм щыхьэщIащ хэкум иIэпхъуакIа адыгэхэр нэхъыбэ дыдэу щыпсэу Тырким. Адыгейм и Къэрал Советым – Хасэм и депутат, къэрэчаевскэ щIэныгъэлI Чермит Мурадин кьызэригъэпэща ныбжьыщIэ ансамблым хэралым и жьилэ зыбжанэм зыкъыщагъэлъэгъуащ, Iуэрыlуатэ фестивалэхэм, нэгъуэщI щIэнхабзэ зэхьыхьэхэм жыджэру хэтащ.

- Ди зэныщIэныгъэхэм я кьалэн нэхъыщхьэр хамащI щыпсэу ди къуэщхэм, ди щыпхъуэхэм я псэукIэм нэхъ Гъунэгъуу щыгIуазэ зыIуэтщIыныр, ахэр зыгъэпIейтей IуэхугъуэкIэ зэдгъэщIащIыр, - жиIащ Чермитым. - Тырким щекIуэкIа зэхуэзэхэм ди дыщыIепсэлъыхьащ ди яку дагъэ зэпыщIэныгъэхэр нэхъри зэрядгъэбыдэн, зэредгъэфIекIуэн Iэмалхэм Аксэр зихуэзгъэпэщ ди республикэм и Iэтащхьэм. Хуабжьу ди гуапэ хъуащ Тхьэкlуашынэм ди Iуэху епльыкIэхэр кьызэрыддиIгъэр, Тырким щыпсэу адыгэхэмрэ дэрэ ди зэпыщIэныгъэхэр адэкIи нэхъ куу щIын, зегъэубгъэн хуейуэ зэрыжиIар.

Тхьэкlуашынэм щыгъуэ щэнхабзэмкIэ лэжьакIуэхэм яIущащ республикэм и премьер-министрымрэ абы и къуэдзэмрэ. Адыгэ Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ я министрэхэр, Лъэпкъ IуэхугъэмкIэ, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъахэгъэхэм ядэлэжьэныжьхэр, хьыбарегъащIэ Iэнатlэмкlэ республикэ комитетым и унафэщIыр. Iуэхур егъэбгъэкIуэныжьмкIэ я епльыкIэхэр утыку кьралъхьащ «Нэхъм» и гъусэу Тырким щыIа гупым хэтахэу АРИГИ-м и унафэщI Бырсыбэ Батырбий, «Адыгэ макъ» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэ Дербэ Тимур, «Адыгей» КъТРК-м и унафэщIым и кьудэзэ Тlэш Светланэ сымэ.

НЫБЭ Анзор.
Адыгэ Республикэ.

Щ1эдзапIэ нэжэгужэ

●Спорт хъыбархэр

**Егъэджакlуэм и махуэм ирихьлIэу «Зыу щыт Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэмрэ КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ кьызэрагъэпащащ «Нэжэгужэ щIэдзапIэхэр» зыфIаща спорт зэхъэхуэхэр. Абы ятащ школ-интернатым щеджэ сабийхэр спортым дедгъэхьэхьэн, гуп зэхъуэныныгъэ я зэхуаку кьыдэхъуэн, щхьэж еезым и зэфIэкIыр зэдыгъэщIкIыныгъэхэм я Iуфащу Iмад яIэ щхьэкIэ, - жиIащ «Зыу щыт Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Дядченкэ Владислав.

- ДяпэкIи нобэрей зэхъэхуэхуэм хуэдэхэр едгъэкIуэкIыну ди мурадщ.

«Налшык» спорт комплексым сыхъэтIтIым ивбзагъэкIэ щекIуэкIа сабийхэм я зэхъэхуэхэм пашэныгъэр щаубыдащ Нартан школ-интернатым и гъэсэнхэм, абыхэм къакIэлъокIуэ Хьэтlохъущкьуей, Налшык дэт школ-интернат №1-м и гъэсэнхэр.

«Зыу щыт Урысей» политикэ партым кьыбгъэдэкIыу текIуэхэм ираташ дипломхэр, спорт хьэпшыпхэр. Адрейхэм спорт топ зэмылIэужьыгъуэхэр кьалъысащ. КьищынэмыщIауэ, лIужьыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьыщыхъжаныкIа командхэр ягъэпажащ.

- Си фIэщ мэхъу нобэ сабийхэр «Нэжэгужэ щIэдзапIэм» я гуапэу зэрыхэтар. Абыхэм я теуэныгъэхэр тыгъэ хуащIащ зи махуэр зыгъэлIапIэ етъуджакIуэхэм, - жиIащ «Зыу щыт Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Дядченкэ Владислав.

Дяпэкlи нобэрей зэхъэхуэхэр едгъэкIуэкIыну ди мурадщ.

«Налшык» спорт комплексым сыхъэтIтIым ивбзагъэкIэ щекIуэкIа сабийхэм я зэхъэхуэхэм пашэныгъэр щаубыдащ Нартан школ-интернатым и гъэсэнхэм, абыхэм къакIэлъокIуэ Хьэтlохъущкьуей, Налшык дэт школ-интернат №1-м и гъэсэнхэр.

«Зыу щыт Урысей» политикэ партым кьыбгъэдэкIыу текIуэхэм ираташ дипломхэр, спорт хьэпшыпхэр. Адрейхэм спорт топ зэмылIэужьыгъуэхэр кьалъысащ. КьищынэмыщIауэ, лIужьыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьыщыхъжаныкIа командхэр ягъэпажащ.

- Си фIэщ мэхъу нобэ сабийхэр «Нэжэгужэ щIэдзапIэм» я гуапэу зэрыхэтар. Абыхэм я теуэныгъэхэр тыгъэ хуащIащ зи махуэр зыгъэлIапIэ етъуджакIуэхэм, - жиIащ «Зыу щыт Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Дядченкэ Владислав.

- ДяпэкI